


GED/HI-SET & EDIKASYON POU GRANMOUN



- **Catholic Charities** bay kou **GED pou jèn moun ki pa te rete lekòl yo**. Gen yon eleman ki pa obligatwa pou fòmasyon pwofesyonèl tankou estaj, obèvasyon nan pòs travay, ak travay. Pou plis enfòmasyon rantre an kontak nan 718-968-6111 Vizite: www.ccab.org/education
- **Mujeres Unidas Avanzando (MUA Boston)** bay yon kou ki gen de (2) nivo pou fanm ak jèn tifi ki pale **panyòl yo k ap pran Hi-SET/GED yo**, tankou kou pou elèv ki nan yon nivo edikasyon pre Hi-SET (klas 2-8). Pou jwenn plis enfòmasyon telefòn nan (617) 282-3500. Pandan kou yo kapab gen yon gadri sou plas ki disponib gratis. Vizite: <http://muaboston.org/services/classes>
- **Liy Asistans Telefonik Alfabetizasyon Granmoun nan Massachusetts** gen yon zouti rechèch pwogram debaz anliy pou **granmoun sou edikasyon, lekti, ak pwogram GED yo** nan Massachusetts. Vizite: massliteracyhotline.org
- Plizyè **Sant kominotè pou Jèn ak Fanmi** nan Boston ofri **kou HI-SET oswa GED** anplis tès HI-SET ak GED. Vizite: <https://bit.ly/3eUt2NN>
- **Lekòl Segondè Santral pou Granmoun nan Boston** ofri 16 kou preparatwa oswa jeneral nan pwogram lekòl segondè a ki pral pèmèt elèv yo pran **yon diplòm nan kou diswa**. Vizite: www.bostonpublicschools.org/Page/4481
- **Pwogram Alfabetizasyon pou Fanmi** atravè sistèm Lekòl Segondè Piblik Boston yo ofri **preparasyon HI-SET, edikasyon debaz pou granmoun, kou ESOL ak enfòmasyon pou paran/responsab legal elèv BPS yo**. Vizite: www.bostonpublicschools.org/Page/4486
- **Pwogram Diplòm pou Granmoun nan Boston** se yon mwayen ki pèmèt **granmoun ki gen 23 lane oswa pi plis yo pran yon diplòm atravè sistèm Lekòl Segondè Piblik Boston**. Rele nan 617-635-9827 oswa (617) 635-9300 pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou ajans ki otorize pou bay sèvis yo. Vizite: www.bostonpublicschools.org/Page/4482
- **Pwogram Karyè Pathways** nan Lekòl Piblik Boston ofri rezidan vil lan ki gen ant 16 pou rive 35 lane ki pa gen "twò lontan kite lekòl oswa ki gen laj yo depase pou lekòl" yon mwayen pou **fini lekòl segondè (lekòl klasik) yo oswa pran sètifika Hi-SET** pandan y ap dekouvri karyè nan kizin, machin, ak konstriksyon edifis. Vizite: www.bostonpublicschools.org/Page/4483
- **Kolèj Kominotè Bunker Hill** bay kou anglè ak panyòl **HI-SET eta a finanse**, tankou kou ESOL ak edikasyon debaz pre HI-SET. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kou panyòl yo, rele nan (617) 228-3341. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kou anglè yo, rele nan (978) 270-0836. Vizite: www.bhcc.edu/adulted